



Pou Piblikasyon Imedya: 11/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE ACHÈVMAN REDEVELOPMAN 74 INITE LOJMAN PIBLIK NAN KONTE NASSAU

Reyabilitasyon Laurel Homes nan North Hempstead prezève pri abòdab, ranfòse sekirite, epi ajoute nouvo apatman pou granmoun yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman gwo redevlopman Laurel Homes, yon konplèks lojman piblik ki te dilapide anvan nan North Hempstead, nan Roslyn Heights. Pwojè a ranplase imèb ansyen yo epi agrandi devlopman an a 74 apatman dekalite, apatman fèb konsomasyon, ki enkli wotè pou granmoun yo nan yon kanpis modèn epi konvivyal epi familyal.

“Angajman administrasyon mwen an ap ogmante apwovizyonman apatman nan pri abòdab ki gen fèb konsomasyon enèji k ap vin egziste nan kominote nan tout eta a,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “N ap fè investisman kontini pou prezève epi revitalize estòk lojman ki egziste nou an, ki enkli nan devlopman lojman piblik tankou Laurel Homes. Pandan n ap anvizaje 2024 la ak pi devan, m ap kontinye fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou ranfòse apwovizyonman lojman epi ede asire ke fanmi yo gen yon kote ki an sekirite, ki konfòtab pou viv.”

Nan senk ane ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève plis pase 5,600 kay nan pri abòdab nan Long Island. Laurel Homes kontinye efò sa a epi konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la k ap kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Laurel Homes se yon devlopman piblik Otorite Lojman North Hempstead (North Hempstead Housing Authority) ki te konstui alorijin an 1958 avèk 66 inite. Rekonstriksyon ak ekspansyon Laurel Homes bay 74 apatman nan imèb modilè de etaj ak yon imèb kominotè separe. Apatman yo se yon melanj inite ki gen youn, de, twa, kat, ak senk chanm. Tout apatman yo nan pri abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti ke sa.

Yo te konsevwa Laurel Homes dapre règ konsomasyon enèji ki fèb ak imèb ekolojik yo ki egzije sètifikasyon Energy Star ak Enterprise Green Communities Fonksyon

konsomasyon enèji fèb ki entegre nan devlopman an se yon anvlòb bilding ki gen pèfòmans tèmik ki elve, ekleraj LED, chofaj dlo wot efikasite, ak aparèy sètifye ki konsève dlo.

Nouvo bilding kominotè devlopman an genyen òdinatè, enstalasyon pou lesiv ak yon lakou. Pwojè redevlopman an te ranfòse fonksyon sekirite yo tou, ak nouvo kamera ki pozisyone toutotou konplèks la pou ede asire sekirite rezidan yo. Konplèks la nan yon distans yon ti mach ak estasyon Roslyn Long Island Railroad la.

Ekip devlopman an se Otorite Lojman North Hempstead ak Georgica Green Ventures, LLC.

Finansman Eta a pou devlopman 50 milyon dola a genyen ladan l 17 milyon dola Kredi Enpo sou Lojman pou Moun ki gen Revni ki fèb, 10 milyon dola obligasyon pèmanan san peye taks, ak 14 milyon dola sibvansyon ki soti nan HCR. Konte Nassau te bay 1 milyon dola.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Travay reyabilitasyon pwolonje nan Laurel Homes lan te prezève plizyè douzèn apatman nan pri abòdab ki te tèlman nesèsè pou granmoun ak fanmi nan Long Island. Lè nou ranplase lojman piblik ansyen yo, nou ka pwoteje apwovizyònman lojman nou an alontèm, men tou, asire ke plis Nouyòkè ka viv epi travay nan kominte yo chwazi yo. Mèsi a Otorite Lojman North Hempstead, Georgica Green Ventures, ak tout patnè nou yo ki te jwe yon wòl entegral pou fè nouvo kay sa yo vin yon reyalite."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Mwen fyè pou sipòte finansman federal fital, ki enkli 14 milyon dola Kredi Enpo pou Lojman pou moun ki gen revni ki fèb nan North Hempstead. Pwojè sa ogmante aksè nan lojman de kalite, ki sekirize, nan pri abòdab pou Moun Long Island yo epi li sitiye nan distans pou mache ak Long Island Rail Road pou deplasman ki fasil. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak patnè eta yo dèske y ap ogmante kantite kay nan pri abòdab nan New York, epi m ap kontinye goumen pou livre fon federal ki ranfòse kominote nou yo, ede bay plis opsyon lojman, epi amelyore kalite lavi Nouyòkè yo".

Manm Asanble Gina Sillitti te deklare, "Mwen vle felisite Otorite Lojman North Hempstead la pou renovasyon remakab ak redevlopman Laurel Homes nan Roslyn Heights. Renovasyon yo te remete apatman yo ann akò ak règ elve Lojman Piblik North Hempstead etabli yo. Yo garanti ke rezidan yo ka pwofite de kondisyon lavi ki diy epi konsève North Hempstead antanke lakay yo. Mwen kontan pou rejwenn kominote a pou seremoni koupe riban an, k ap apiye bèl kominote nou an ansanm."

Sipèvizè Vil North Hempstead Jennifer DeSena, te deklare, "Revitalizasyon Laurel Homes lan gratifyan pa sèlman pou 350 moun ak fanmi ki abite la yo, men pou kominote Roslyn ak Komin North Hempstead. Lè nou prezève api amelyore Laurel Homes, n ap amelyore kalite lavi rezidan nou yo epi fè pwomosyon kominote ki an bòn

sante epi sipòte ekonomi lokal la. Mèsi Otorite Lojman North Hempstead pou angajman kontini yo pou amelyore lavi pou sila yo ki rele kominote nou an lakay yo ak pou ekip ki enplike nan bèl transfòmasyon sa."

Manm Konsèy Vil North Hempstead Peter Zuckerman, te deklare, "Finisman redevlopman Laurel Homes, se yon gwo reyalizasyon pou Komin North Hempstead. Pwojè ki pote transfòmasyon sa pa sèlman revitalize lojman piblik nou men li bay egzanp tou de enpak pozitif inisyativ kolaborasyon kote Komin nan travay men nan men ak Gouvènè Hochul. Devouman pou founi devlopman ki gen fasilite transpò piblik epi modèn, kay ki gen fèb konsomasyon enèji, souliyen angajman pataje nou pou amelyore kalite lavi rezidan nou yo."

Direktè Egzekitif Otorite Lojman North Hempstead, Sean Rainey, te deklare, "Otorite Lojman North Hempstead devwa pou bay lojman ki sekirize, pwòp, k ap amelyore kalite lavi pou anpil fanmi, ke nou responsab de kay yo. Nou tèlman fyè pou renesans Laurel Homes epi nou rekonesan pou devouman anpil pwofesyonèl ki te fè sa rive. Mèsi Eta New York, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote, ekip nan Boston Financial, Federal Home Loan Bank New York, Flushing Bank, JP Morgan Chase, ak Georgica Green Ventures dèske yo te kwè nan vizyon nou pou Laurel Homes, epi fè li tounen yon reyalite."

Prezidan Georgica Green Ventures LLC, David Gallo te deklare, "Georgica Green Ventures kontan pou founi bèl lojman sa bay rezidan Laurel Homes yo ak kominote Roslyn lan. Devlopman ki gen fèb konsomasyon enèji sa epi ki toupre transpò an komen ak espas ouvè sou deyò abondan pou rezidan yo ak fanmi yo reponn ak règ ki pi elve pou kalite ak efisyans, epi l ap founi yon bèl kay ki sekirize, pwòp pou rezidan li yo. Nou rekonesan pou fè patenarya ak Otorite Lojman North Hempstead yon lòt fwa ankò pou pwojè prezèvasyon enpòtan sa epi nou konnen ke renesans Laurel Homes ap amelyore lavi rezidan li yo ak kominote a ann antye pou ane k ap vini yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)